

Kouman pou w jwenn enfòmasyon konsènan fèmte ki gen rapò ak kondisyon meteyolojik yo

26 Janvyè 2024

Chè kominote inivèsité,

Tou pandan nou koumanse semès Prentan an epi chans pou gen fenomèn meteyolojik vyolan yo ogmante, nou vle raple tout moun sou kouman inivèsité a pral kominike sou fèmte yo ak chanjman orè yo ki gen rapò ak kondisyon meteyolojik yo.

Inivèsité a ka fèmen, yo ka retade ouvèti a oswa fèmen kanpis la pi bonè lè gen kondisyon meteyolojik vyolan tankou lè nèt ap tonbe anpil oswa lè gen lapli ki glase. Desizyon sa yo pral baze sou gravte kondisyon meteyolojik yo, sou enpak li ka genyen sou aktivite kanpis la ak sou sekirite etidyan nou yo, sou pwofesè nou yo ak manm pèsònèl la. Nou priyòrizè sekirite kanpis la pandan n ap fè tout sa n kapab pou n limite enpak yo sou aktivite akademik yo ak aktivite rechèch yo.

Pwosedi Avi yo

Pi bon fason pou w resevwa avi sou move tan yo dirèkteman se asire w, ou [enskri nan UMD text alerts](#).

Yo pral anonse atravè plizyè chanèl mizajou konsènan fèmte, reta ak lòt chanjman orè yo, tankou:

- Alèt UMD yo atravè mesaj tèks epi imèl
- Paj dakèy UMD yo (umd.edu)
- Twitter/X ([@President Pines](#), [@UMDRightNow](#) ak [@UofMaryland](#))
- Liy UMD pou bay enfòmasyon sou lanèt (UMD Snowline) (x5-SNOW oswa [301-405-7669](#))

Inivèsite a pa p fè anons si kanpis la ouvè epi ap fonksyone kòmsadwa. Y ap fè tout efò pou kominike tout chanjman ki genyen nan aktivite kanpis la depi nan 4è 30 nan maten. Medya lokal yo souvan fè konnen chanjman ki genyen nan fonksyònman inivèsite a; sepandan, pou enfòmasyon ki pi resan yo, tanpri verifye youn nan sit inivèsite a ki mansyone la a.

Enpak ki genyen sou Kanpis la ak Kesyon Moun Poze Souvan yo.

Lè inivèsite a fèmen, tout kou ki ta dwe genyen pandan lè sa a ap anile, epi tout biwo inivèsite a ak tout sèvis ki pa esansyèl yo ap fèmen sof si gen avi ki anpeche sa.

Nou ka jwenn repons pou kesyon moun poze souvan yo sou umd.edu/weather, ansanm ak enfòmasyon ki gen rapò ak:

- Disponiblite sèvis etidyan yo pandan yon fèmti
- Enpak ki genyen sou orè kou yo
- Fason pou idantifye anplwaye ki esansyèl yo nan ka ta gen kondisyon meteyolojik ki defavorab

Mwen ta renmen voye yon remèsiman espesyal pou pèsonèl nou yo ki asire yo, nou satisfè bezwen tout kategori moun ki sou kanpis la lè gen kondisyon meteyolojik vyolan. Ekip la fè espesyalman yon gwo travay pou wete nèj ak glas nan de (2) dènye tanpèt sezon ivè a nan mwa sa a. Nou swete tout moun yon prentan an sante epi an sekirite nan mwa k ap vini yo.

Lizay,



Jennifer King Rice

Vis Prezidan Prensipal epi Dwayèn

Li (Fanm)